



Lekòl Piblik Boston

Retrèt Komite Skolè Boston an



Mary Skipper, Sipèentandan

Domèn Entèvansyon Nimewo En

Bay Priyorite a Rannman Akademik e Akselere yo

1. Ogmante aksè nan aprantisaj ki sou nivo klas elèv yo ki reponn a bezwen kilti yo ak lang yo atravè Alfabetizasyon Ekitab, ki enkli divès sistèm sipò konpoze de plizyè klasman
2. Etann pwogram Enklizyon yo pou tout elèv, an patenarya avèk Sendika Pwofesè Boston an (BTU)
3. Etann Edikasyon Bileng lan pou asire reyisit aprenan miltileng nou yo (elèv ki pale plizyè lang nou yo)
4. Ogmante divès opòtinite segondè pou MassCore/pou divès opsyon edikasyonèl



Ranfòse Aksè nan Aprantisaj Sosyal-Emosyonèl

1. Konsantre sou abandon etid ak absantis kwonik (absans regilye) pou ogmante angajman elèv yo omaksimòm
2. Enplemante omaksimòm divès ekip sipò nan chak lekòl
3. Divès patenarya pou aktivite k ap fèt andeyò orè lekòl yo
4. Kanpay kont entimidasyon ak aktivasyon divès spesyalis entèvansyon



Senplifye Divès Operasyon e Asire Sekirite Elèv yo

1. Etabli patenarya sere sere avèk divès ajans vil la
2. Bay fòmasyon e aliyen divès pwosedi ak pwotokòl sekirite pou lekòl yo, toupatou nan distri a.
3. Ogmante investisman nan jistis reparatris, medyasyon (entèvansyon), ak divès sipò sosyal emosyonèl
4. Envesti nan kamera sekirite yo ak divès lòt teknoloji ki anrapò ak sekirite



Domèn Entèvansyon Nimewo Kat

Devlope Divès Pratik Angajman Familyal e Kominotè Otantik

1. Ogmante aksè atravè divès lang pou pèmèt plis patisipasyon pami paran yo ak kominote a
2. Devlope angajman kominotè otantik pou Nouvo Kontra Ekolojik la (« Green New Deal » la)
3. Kore vwa paran yo, kore opòtinite aprantisaj yo ak entèvansyon yo
4. Eksplwate Chita Pale Tab Won Ekite yo k ap fèt nan kominote a ak nan lekòl yo nan devlopman regleman k ap sèvi kòm yon koneksyon pou òganizasyon an



Domèn Entèvansyon Nimewo Senk

Amelyore Kominikasyon Entèn e Ekstèn avèk Fanmi yo ak Manm Pèsonèl yo

1. Ogmante kominikasyon ouvè, transparan, e otantik avèk elèv yo ak fanmi yo
2. Bay priyorite a kominikasyon entèn yo nan fason n ap founi divès mizajou bay elèv yo, fanmi yo, ak manm pèsonèl yo alè.
3. Leve istwa pozitif yo toupatou nan distri a pou anplifye eksperyans elèv nou yo, fanmi n yo, ak manm pèsonèl nou yo
4. Founi lekòl yo avèk sipò kominikasyon 24 sou 24, 7 sou 7, pou reponn a divès ensidan pou kenbe elèv, fanmi, ak manm pèsonèl yo byen enfòme
5. Angaje avèk divès manm medya yo 24 sou 24, 7 sou 7



Domèn Entèvansyon Nimewo Sis

Ogmante Kontrandi pou ni Biwo Santral la ni Lekòl Nou yo

1. Etabli strikti sipò rejyonal pou lekòl yo pou asire divès sipò ak kontrandi obligatwa alè
2. Ogmante resous pou lekòl yo pou enplemante divès sipò pou elèv yo ak divès regleman ak pwosedi parapò a sekirite.
3. Ogmante kontrandi pou lekòl yo ak biwo santral la pou asire nou ret konsekans a enplemantasyon yo
4. Egzaminasyon okonplè divès domèn sistèm kle (pa egzanp : transpòtasyon, sekirite lekòl, edikasyon espesyal) e enplemante divès standa klè ki pèmèt pwogrè materyèl

